

Si w vin isit la pou fè tès COVID-19 epi w gen ti sentòm oswa w pa gen okenn sentòm ditou, **li sa a tanpri.**

# PA GEN TÈS Pou Ti Sentòm yo

Konfòmeman ak desizyon Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene), tout pwofesyonèl swen sante, ikonpri Mount Sinai Health System, pap fè tès COVID-19 pou pasyan ki pa gen sentòm oswa ki gen ti sentòm.

## Tès la pap chanje fason nap trete maladi w la.

**Kit ou gen COVID-19 oswa lòt maladi yo trape nan sezon tankou grip, men sa nou konseye:**

- **Rete lakay ou** epi soti si w bezwen swen medikal sèlman
- **Izole tèt ou** donk rete nan yon chanm apa pou pa rete pre lòt moun ki anndan lakay ou
- **Itilize yon twalèt apa** si posib; nan leka kontrè, dezenfekte twalèt la lè w fin itilize l
- **Se pou tout moun lave men yo regilyèman** ak dlo e ak savon oswa ak dezenfektan pou men ki abaz alkòl
- **Jete klinèks ou fin itilize yo** kòm sadwa nan yon poubèl ki gen yon sache ladann

Si w ta renmen konsilte yon doktè sou sentòm ou yo, tanpri itilize sèvis vityèl nou an, **Mount Sinai NOW\*** kòm **premye etap.**



Ou ka kominike pa tchat ak yon doktè nan telefòn entelijan w (esmatfòn) oswa sou òdinatè pèsone, atravè yon apèl videyo, vizit sou entènèt, oswa **Text-to-Chat**. Annik tekste **4-SINAI** apatide yon aparèy mobil, konsa nap asire n ke w resevwa swen ou sipoze resevwa a.

